Recueilli par : Amet Aly TOURE

dit par : Mr. Charles SECK, instituteur.

# BAAY MOODU MBAAY

Baay Moodu Mbaay màggatu géwal la. Band rekk a di liggéeyam. Dafa band, di band, di band ba am juròom-benn fukki at ak juròom. Ba leegi xol bi bëgg naa band. Te moom band rekk la jàngoon muy méccéem, te njaboot jiital na ko.

Mu dégg ñu ni Sëriñ Fàllilu ku yëwéen la ; boo fa demee, diis ko sa aajo, dina la ko fajal.

Mu daldi jog ànd ak gunéem yi mu daan àndal, ñu daan ko dar ak tama yi, dem Tuubaa, ñaan gis Sêriñ bi, ñu daldi ko dugal. Naka la egsi, Sëriñ Fàllilu ni ko :

- Waaw ndogo li, lu doon say tànk ?

Mu ni ko :

- Mbàkke Bàlla Aysa, man de daay màggatum géwal moo xam ni band donn moo doon saa mécce. Fii ñu ne nag at yi bari na, te njaboot jiital na ma ; ma dégg ñu ni Mbàkke Bàlla Aysa, yaay faj aajo yi, ndax yaay dagg buumi gàccey géer ñéek géwal yi. Ma ni ndoon naa ñów siyaaresi la, ndax bu ma la siyaaresee nga ñaanal ma, ma am ci tuyaaba ak tiyòbbu.

Mu daldi ni : Guné yi defaruleen. Xale yi daldi génné seeni loxo (noonu ñu koy defe ci seen xaftaan) daldi defar seen tama, bëgg tàmbalee tëgg "ndoŋ...ndoŋ...!"

Sëriñ bi ni : Déet ! déet ! ëpp naa def. Mu daldi ni : Mutsfaa !

Bëkk-néeg bi ni : Mbàkke Bàlla Aysa !

Mu ni ko : indil ma anwëlob.

Mu indil ko anwolob bu diis lool. Sëriñ bi jël anwëlob daldi ni ko jabb Baay Moodu Mbaay te ni ko : Ngeen jàppandi ci lii.

Mbaay Mǒodu Mbaay jël anwëlob bi, mu diis, mu bëgg koo def ci poosam, Sëriñ bi ni ko :

- Déedéet, déedéet, joxal ndongo yooyu nga àndal, te nga yewwi leen . Yow nag nga toog. Mǒodu Mbaay am naa ak yow waxtaan.

Baay Mǒodu Mbaay làmb anwëlob bi mu diis, mënatu koo def ci poosam ndax Sëriñ bi ko jox ndigal a ngi toog. Xamul nu muy def, mu ni :

- Aa guné yi, ñoo ko déggandoo. Sëriñ bi né : ñu jàppandi ci lii ; waaye nag dafa maa jox ndigal ni ma yewwi leen, aa ! xanaa daal ma jox leen ko rekk. Waaye ngall bu ngeen àggee na ngeen ko doxale noona.

Mu daldi ni guné yi defaruleen. Ñu daldi leen yewwi.

Sëriñ bi nag di ko yedd, ni ko :

- Yow mii Mǒodu Mbaay kat ay caaxaan doŋŋ nga feese ; ay caaxaan doŋŋ nga feese. Am magum jullit mu tollu ni yow, am jurǒom benn fukki at ak jurǒom, band rekk di sa mecce ! te fii mu nekk dee donn a la dese. Dee donn daal a la dese. Daaneka daal, sa tànku ndijjor bi mu ngi ci bàmmeel, bu càmmoñ baa ngi ci bitti, te alémikk bu ndijjoor bi dootul génn mukk fekksi bu càmmoñ bi. Alémikk bu càmmon bi mooy fekki rekk.

- Mu ni : Eey laa illaaha illalaah Mbàkke ! Eey bu ñu Yàlla yërëmul fu nu jëm ?

Sëriñ bi ni ko : Dara kat, danga fiy toog rekk di jaamu Yàlla. Loolooy ndigal li ma la doon sant. Leegi daal dama bëgg nga toog ci sunu Tuubaa ngii, su may jiite jummaa ngay jottali.

Baay Mǒodu Mbaay ni ko : Aa waay Mbàkke Bàlla Aysa loolu laay def.

Àjjuma jot. Jummaa ji boo ci sànnee layyu mu tag ; fees dell. Nit ñi di ñǒw di jullisi, ñii yore seeni kurus di tasab, Baay-Faal yiy woy fii, ñiy xasida fii. Sëriñ Fàllilu nag moo di jiité.

Naka la Sëriñ Fàllilu né pëll ànd ak gàngoor gi, Baay Mòodu Mbaay a nga ca topp nag, solal la caayal fukki meetar ak ñaar, teg ca turki-njaareem, laxasoo tàmbasembeem, sol dàlli maraakis yooyu ñu naan duudu, woñ ko nag, daldi tëmbal ci dënn bi benn maxtumé (xam nga màggatum géwal daa mën tuwaaletu). Mu ngay ñòw di jaagar-jaagari rekk. Naka lañu agsi ci jummaa ji, ñu daldi ni :

Ilimaan yegsi na ! Lu waay jàppoon na ko bàyyi, Ilimaan yegsi na !

Ilimaan ñòw, daldi dugg, jël jàkka ji (yàtu diiné la daal maanaam), def xutbaam, daldi yéeg nag ci minbar bi. Su ko defee nag ñu ni :

Jògleen defar sàppe si ! Mbagg ak mbagg ! Ñu xoolante bëti yérëmande ndax Yàlla yéram nu. Na ngeen laalante seeni mbagg bu baax. Malaaka yaa ngi jaxasook nun, te ku sa yaram laal yaramu Malaaka kenn du la iseab Yowmal-xiyaam !

Sëriñ bi ni : "Bismi illaahi !"

Baay Mòodu Mbaay wara liqaam. Mu ni :

- Astahfirulaa min kulli zannbinn

Ni tekk, ni :

- Anna laaha ghafuurun rahiimun

Ni tekk, ni :

- Ash-hadu anlaa ilaaha-il-lallaahu

  Ash-hadu ...

Ni tekk. Ñépp defe ni dafa gag. Mu daldi jëlaat nag gémmiñ ga yuri ko ba mu jeex tàkk ; ni :

- Ash-hadu anna Muhammadan, Rasuulullaahi

  Hayyaalal salaati...

Ba mu ni "ayya alal salaati" nag, nii mu sànnee loxo bi ndekkete dòor na bitti-loxo, gòor ñu màggat ñi nekkoon ci ndijjooram, ñooñu ni fëlëñ .

Mu ni : "ayya alal salaati" dóor ñélé bitti-loxo ñu ni "këpp". Biir jummaa ji kenn mënatul tëyé sa bopp. Nit ñi tëb, ñii di yóoxu fii, ñii seeni pattu dàll des fa ; ñii xëm, nu di leen yërndu ci pollanteer ba xam lu xew. Moom muy liqaam rekk :

- Ayya alaa sallaati
  Hayyaa alalfalaahi, qadhaamati sallaati
  Allaahu akbar,,Allaahu akbaru
  Laa illaaha il-lallaahu.

Ni tekk. Waxtu wi jot na. Sëriñ baa ngi jublu xibla. Dégg na coow li ci ginnaawam, waaye yoon mayatu ko mu geesu ; kàbbar rekk a fi des ak lu mu mën di doon, ndax Yàlla la taxawal ci kanamam. Mu ni :

- Allaahu akbar !

Baay Móodu Mbaay ni :

- Yëlableen seeni loxo ndax bàkkaar yi ñu jéggal leen ko, Baayu Baaraak Basiiru, Sëriñ Fàllilu mi ci jal bi ni :

Allaahu akbar !

Sëriñ bi daldi taari Faatiha ak u saar, jàpp ci bëtu óom yi daldi rukkóo, ni :

- Allaahu akbar !

Baay Móodu Mbaay ni :

- Aywë ! loxo ca kow, bàkkaar ci suuf, Sëriñ Fàllilu Galas mi ci jal bi ni :

Allaahu akbar !

Sëriñ bi siggi ni :

- Sami Allaahu liman hamidahu.

Baay Móodu Mbaay ni :

Rabbanaa, cey Rabbanaa, cey Rabbanaa (ni tekk) néeti :
Baayu Baaraak Basiiru, Maamu Dann ak Sëriñ Seen,
Góor nga demoon Gabon, jaar Kotonu, jaar Daawome,
dem ba Libërwil, ni :

Rabbanaa, Rabbanaa, Rabbanaa walakal hamdu !

Sëriñ bi daldi gaawantu julli gi, daldi agsi nag ci sëlmal, ni :

Asalaamu aleykum !

Baay Mòodu Mbaay ni :

Asalaa....

Sëriñ bi ni ko :

- Déet ! déet ! doy na sëkk ak barke.

Mu ni ko : Ey Mbàkke Bàlla Aysa lu ma defati ?

Sëriñ bi ni :

- Daanaka daal, yow mën ngaa dellu kër. Mustafaa !

Mustafaa ni : MBàkke !

Mu ni ko :

- Jox mab anwëlob !

Mbaay Mòodu Mbaay ni ko :

- Ey Mbàkke tee nga ma fee bàyyi ma jaamu Saa-Boroom !

Sëriñ bi ni ko :

- Epp naa def !